



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 21 novanm 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO AVÈTI NOUYÒKÈ SOU POSIBLITE POU GEN LAVALAS INONDASYON**

### ***Li mande prese prese pou pwopriyetè kay pran prekosyon depi kounye a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te avèti tanperati kap monte pandan weekend lan ka lakòz yon gwo posiblite lavalas inondasyon nan rejyon lwès New York. Menm lè Eta a ap pran tout prekosyon pou l pare pou yon lavalas inondasyon, nou pa ka prevwa detay yo, epi pwopriyetè kay dwe pare yo pou gwo kantite nèj kap fonn.

“New York ap prepare l pou ka ki pi grav la ak inondasyon sa yo, epi sekirite se premye priyorite nou,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pandan jou kap vini yo, tanperati kap rechofe a pral fè nèj fonn, sa ki pral pote lapli, epi dlo ki mete sou anpil nèj sa pral bay inondasyon. Mwen mande prese prese pou tout Nouyòkè enfòm yo epi pran tout prekosyon yo pou yo pa espoze tèt yo nan danje.”

Nan moman atant inondasyon sa, Gouvènè a mande pou ajans eta a pran tout prekosyon ansanm ak patenè lokal nou yo pou anpeche dega. New York ap pote san pèdi tan ekipman annapre yo nan zòn nan:

- 425 ponp ak jeneratris
- 55 bato ak ekipaj
- 3 elikoptè
- 29 machin sou jant wo
- 180.000+ sak sab

Nou ankouraje ezidan ak biznis kap netwaye twotwa ak pasaj pou yo retire nèj nan dren lari pou pèmèt dlo koule nan egou dlo siklòn. Anplis, eta a ap mete lòt kote ekipman ki la deja nan rejyon an pou ede patnè lokal retire nèj. Sa gen ladann:

- 538 bourèt nèj
- 149 kamyon fatra

- 107 chajè fwontal
- 27 chasnèj

Yon Siveyans Inondasyon anvigè soti dimanch apremidi jiska mèkredi maten pou konte Erie, Genesee ak Wyoming. Ti kouran dlo ak krik espoze ak inondasyon lè nèj ap fonn, tankou krik ki koule nan zòn Buffalo Metro a. Vil ki te resevwa gwo kantite nèj pral gen chans tou pou inondasyon nan vil yo lè nèj ap fonn.

State Department of Environmental Conservation (DEC) ap itilize kat plenn inondasyon FEMA pou idantifye zòn ki espoze ak inondasyon, tankou krik ak kouran dlo, kote nèj ap fonn epi kote lapli ka koze inondasyon kap fè dega. DEC, nan tèt kole ak sèvis Meteyo Nasyonal la, pral siveye gedj inondasyon sou krik, kouran dlo ak rivyè nan rejyon Lwès New York pou evalye ris inondasyon. DEC ap siveye tou 13 izin tretman dlo sal nan Konte Erie ak youn nan Konte Wyoming, sou baz kondisyon ris. Ofisye ki fòmè nan Pwoteksyon Anviwonman ap la pou entèveni lè gen ijans.

Pèsonèl nan Sant Operasyon Ijans Eta a ap siveye siklòn nan depi lè Gouvènè a te aktive li lendi maten, epi li gen ladann yon pil ak pakèt ajans eta a tankou ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans yo (avèk anplwaye nan Biwo Jesyon Ijans ansanm avèk Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife), Depatman Transpòn, Depatman Pwoteksyon Anviwonman, New York State Thruway, State Police, Komisyon Sèvis Piblik ak Divizyon Afè Militè ak Naval ak Biwo Sèvis Jeneral.

### **Enfòmasyon sou Sekirite nan ka Inondasyon Kay:**

- Si gen tan genyen inondasyon nan yon kay oswa biznis oswa li prèt pou rive, kliyan dwe rele konpayi sèvis piblik yo pou yo koupe sèvis elektrisite ak gaz natirèl. Sizoka inondasyon, kliyan pa janm dwe eseye koupe sèvis elektrisite ak gaz natirèl. Kòm prekosyon anvan nenpòt inondasyon, kliyan dwe tyeke dren besment yo pou asire yo pa bouche epi fil ki gen kouran pa chita atè.
- Pa rete nan besment ki inonde. Fil oswa ekipman kouran ki anba tiyo dlo a ka lakòz danje; sèvis gaz natirèl nan yon besment inonde ka reprezante yon danje tou.
- Pou yo rebay sèvis elektrisite yon fwa dlo inondasyon an bese: Kliyan dwe kontakte yon elektrisyen pou asire pa gen danje pou sèvis elektrisite a retabli anvan yo kontakte konpayi a. Si bwat fizib prensipal la oswa bwat brekè sikwi a anba dlo, fòk yon enspektè elektrisite sètifye enspekte l anvan yo remete l nan sèvis. Fòk yon moun la pou sèvis la tounen, besment lan dwe pa gen dlo ladann epi pano elektrik la dwe pwòp san debri ladan l. Kliyan ak konpayi konstriksyon pa janm dwe eseye retabli sèvis elektrisite.
- Pou gen sèvis gaz natirèl retabli yon fwa dlo inondasyon an bese : Si kontè gaz natirèl la ak/oswa regilatè a te anba dlo, kliyan dwe tou dabò kontakte konpayi gaz natirèl yo a. Si yon ekipman gaz natirèl (fou, chodyè aparèy pou chofe dlo, etc...) anba dlo, kliyan dwe kontakte yon konpayi plonbye ak chofaj pou yo tyeke ekipman. Kliyan dwe kontakte konpayi gaz

natirèl yo pou sèvis la retabli. Kliyan ak konpayi konstriksyon pa dwe janm eseye retabli sèvis gaz natirèl.

#### **Lòt Konsèy Sekirite:**

- Si gen yon odè, kliyan an dwe kite kote a san pèdi tan epi rele konpayi a oswa 911 apati yon lòt kote. Pa itilize okenn aparèy oswa opere okenn switch elektrik si gen yon odè gaz. Repezantan konpayi a la 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou resevwa apèl ijan.
- Rete lwen liy kouran ki tonbe nan dlo. Menm liy ki parèt “mouri” ka tiye moun.
- Pran anpil prekosyon lè w ap retire nèj sou tèt kay. Siveye tou tout siy ki montre chaj nèj sou fondasyon ka lakòz tèt kay tonbe.

#### **Itilize prekosyon ak bon jan pwosedi lè w ap fè mache jeneratris ak ekipman chofaj pòtab tanporè:**

- Mete jeneratris ou a nan yon zòn ki resevwa lè. Pa janm fè l mache anndan kay, menm nan garaj ou. Jeneratris ki fonksyone ak gazolin pwodwi monoksid kabòn epi lafimen yo ka tiye moun.
- Ploge aparèy dirèk nan jeneratris la ak kòd estansyon pou gwo aparèy ki byen arime. Asire w kòd estansyon pa detripe oswa ize. Pa konekte jeneratris kouran dirèk nan prensipal bwat fizib oswa pano sikwi kay la.
- Limite kantite aparèy ou itilize pou yo pa plis pase wataj jeneratris ki rekòmande a. Li tout enstriksyon yo ak anpil atansyon epi swiv rekòmandasyon fabrikan yo.
- Itilize jeneratris la sèlman lè sa nesèsè, epi pa mete twòp chaj sou li. Etenn li nan nwit pandan w ap dòmi epi lè ou pa lakay ou pou evite dife pran.

#### **Kontak pou Ijans**

##### **New York State Electric & Gas:**

- Pou rapòte ijans elektrik oswa pann kouran, rele (800) 572-1131
- Pou rapòte ijans gaz natirèl oswa odè gaz, rele, rele (800) 572-1121

##### **National Fuel Gas:**

- Pou rapòte ijans gaz natirèl oswa odè gaz, rele (800) 444-3130 san pèdi tan
- Yon fwa dlo a bese, rele (800) 365-3234, pou konpayi a teste epi restore sèvis

##### **National Grid:**

- Pou rapòte ijans elektrik oswa pann kouran, rele (800) 867-5222

- Pou rapòte ijans gaz natirèl oswa odè gaz, rele (800) 892-2345
- Pou kesyon jeneral sou sekirite ak sèvis, rele (800) 642-4272

Moun ki bezwen ponpye ak elektrisyen lisansye ka kontakte biwo sèvis nan zòn yo:

New York State Electric & Gas: (800) 572-1111

National Fuel Gas: (716) 686-6123

National Grid: (800) 642-4272

### **Enfòmasyon Enpòtan sou Sekirite nan Inondasyon:**

#### **Aji Kounye a pou Ka Pare:**

- Aprann konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oswa biznis ou pou woule kote ki wo, san danje, sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan “kouri fou fanmi an!” epi idantifye yon kote rasanbleman sizoka manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt byen pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv atik ijans manje, medikaman ak atik premye swen ak dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp ak fèmèn.
- Wè ki sa w ap fè ak bèt ou yo ki nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman pou fè manje nan sitiyasyon ijans sou lamèn.
- Mete gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pa ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan ka katastwòf nan kòf machin ou.
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye pa rapò ak nivo anwo ak anba inondasyon posib. Lè yo fè konnen nivo dlo yo prevwa, ou ka wè si ou gen ris pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyasyon ijans.

#### **Pandan:**

- Swiv Radyo Meteyo National Oceanic & Atmospheric Administration's (NOAA) a oswa emisyon estasyon radyo ak televizyon lokal pou enfòmasyon.
- Si otorite lokal yo bay konsèy pou deplase, fè sa san pèdi tan.
- Si yo mande w ale yon kote espesifik, ale la.
- Se pou konnen ki koteabri yo ye.

- Mete andedan kay ou tout sa ou genyen deyò oswa mare yo byen sere. Sa gen ladan mèb lakou, poubèl, ak lòt objè ki ka deplase.
- Pwoteje kay ou: Fèmen tout pòt ak fenèt ak kle.

#### **Si w ap vwayaje:**

- Kite bonè pou pa bloke sou wout inonde.
- Asire ou gen ase gaz pou vwati ou.
- Swiv wout yo rekòmande yo. PA fè touris.
- Pandan w ap vwayaje a, swiv emisyon Radyo Metewolojik NOAA ak radyo lokal pou dènye enfòmasyon yo.
- Siveye wout ki inonde, glisman teren, dlo ki pete oswa manman tiyo ki pete, fil elektrik ki lache oswa ki tonbe nan dlo, oswa pyebwa k ap tonbe oswa ki tonbe.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou ak inonde, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- PA eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi ale nan lòt direksyon an.
- PA souzestime puisans destwiksyon dlo k ap deplase vit. De pye dlo inondasyon k ap deplase vit ap flote vwati ou. Dlo k ap vanse ak yon vitès de (2) mètr pa èdtan kapab voye jete vwati ki sou yon wout oswa sou yon pon.
- Si ou nan yon vwati epi dlo kòmanse monte rapid bòkote ou, sòti nan vwati a san pèdi tan.

Depatman Pwoteksyon Anviwonman konseye pwopriyetè tank lwil pou komès ak rezidans ki twouve yo nan zonn ki ka inonde pou yo pran prekosyon pou minimize ris inondasyon tank lan. Tyeke tank pou bagay sa (yon konpayi ki fè tank ka nesese pou tyeke tank lan epi pote amelyorasyon ki nesèsè yo):

- tank lan fèt pou l pwoteje pou anpeche flotman oubyen pou l kouvri ak dlo inondasyon oswa gwo van;
- tank lan fèt pou l pwoteje kont branch bwa kap tonbe, debri kap flote, oubyen gwo kouran;
- koneksyon ak tank lan (tiyo ranplisaj, vantilasyon, gedj, bouchon ayerasyon) dwe fèmen pou anpeche dlo rantre;
- si pò ranplisaj la oubyen tèt vantilasyon a ka inonde, kouvèti tiyo ranplisaj la dwe fèmen di epi vantilasyon an dwe gen yon estansyon ki pi wo nivo dlo a ka rive.

Prekosyon sa yo fèt pou pran pou tank souteren oubyen tank ki nan besment yo.

#### **Nan Ka yon Dèvèsman Lwil**

Sizoka kay ou inonde sa ki lakòz yon devèsman lwil nan kay oswa tou pre l, ou dwe kontakte DEC's Spill Hotline san pèdi tan nan 1-800-457-7362 pou rapòte devèsman sa.

Nan kèk ka, lwil la ka melanje ak dlo ki inonde kay ou a. Si se sa, PA ponpe dlo a pou l tonbe nan lakou w la. Lwil la ka gaye epi kontamine lòt kote, tankou pi ki tou pre, veso dlo ak kay.

Si yon kouch lwil sou dlo nan yon besment, ou ka diminye oposib kantite lwil ki gaye sou mi ak atè epi kantite lòtt dega nan propriyete ou lè ou retire lwil la anvan w ponpe dlo a soti.

- Pou yon kouch lwil mens, pad absòban ka sifi pou ranmase lwil la.
- Pou yon kouch lwil pi epè, yon kamyòm vakyòm ka nesèsè pou ale lwil la nan dlo a.

Devèsman lwil ka kontamine lè enteryè. State Department of Health (DOH) disponib pou reponn kesyon nan 518-402-7810 oubyen 800-458-1158. Apre lè biwo ak pandan weekend, rele, 1-866-881-2809. Debri ki kontamine ak lwil oubyen materyèl ki kontamine ak lòt pwodwi petwolye dwe separe epi stoke nan zòn ki resevwa lè. Si yo stoke deyò, pil yo dwe kouvri pou anpeche dlo lapli kontamine sòl ak dlo ki tou pre. Tout devèsman chimik ouben lwil, tankou lwil ki soti nan tank chofaj kay, dwe rapòte bay DEC atravè Spill Hotline la. Pou plis enfòmasyon sou etap pou minimize dega epi fini netwayaj rapid, ale sou [http://www.health.ny.gov/environmental/indoors/air/oil\\_spill\\_flood.htm](http://www.health.ny.gov/environmental/indoors/air/oil_spill_flood.htm).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride